


Ede Anplwaye w yo jwenn Swen Sante Ak NYC Care



Nan Nouyòk, nou kwè ke chak Nouyòkè gen dwa pou yo jwenn aksè a swen primè, swen prevansyon, ak swen sante espesyalize **san gade sou estati yo antanke imigran oswa kapasite yo genyen pou yo peye**. Antanke yon patwon ou se yon patnè kle nan ede anplwaye w yo rete an sante epi an sekirite.

Bay yon swen sante de kalite epi ki konplè te toujou rete yon bagay fondamantal pou NYC Health + Hospitals, sistèm sante piblik Vil la. Pandan COVID-19 te afekte tout Nouyòkè yo, enpak la pi gran toujou pou sila yo ki pa gen aksè a yon swen sante konplè. NYC Care, pwogram ki bay aksè a swen sante ke NYC Health + Hospitals ap jere a ap kontinye kouvri twou sa yo nan objektif pou mete tout kominate Nouyòk yo an sante, pandan nou kontinye ap fè fas kare epi chèche soti nan defi pandemi sila. **Pou ede anplwaye ou yo ki pa gen asirans jwenn swen sante yon mannyè ki abòdab, tanpri pale yo de posibilite pou yo vin manm NYC Care jodi a.**

NYC Care garanti sèvis swen sante ki gratis osinon ki pa chè ak Abitan Vil Nouyòk yo ki pa kalifye oswa ki pa ka peye asirans sante.

POUKISA OU SIPOZE PANSE AK NYC CARE

- C** Ou **sousye w (care)** de sante anplwaye w yo. Yo pèmèt biznis ou kontinye mache, yo pran pa nan siksè w, epi w vle yo santi yo byen.
- A** Anplwaye ou yo ap gen **mwens absans (absenses)** nan travay la, lè yo gen aksè a swen regilye, swen prevansyon tankou tès si yo an sante ak vaksen.
- R** W ap **kenbe (retain)** anplwaye ou yo plis, si yo konnen ou sousye de sante yo ansanm ak sante fanmi yo.
- E** Sa ap pèmèt ou ogmante **randman (efficiency)** ak pwodiktivite lè ou ede anplwaye ou yo mennen yon vi ki an sante.

Kòmanse konvèzasyon konsènan NYC Care ak Anpliwaye ou yo

Men yon ti eskrip tou piti ki ka ede w, ladan w ap jwenn kesyon komen moun konn poze konsènan pwogram lan.

- ⊕ Sante w enpòtan pou nou.
- ⊕ Si w malad, tanpri rete lakay ou epi pran swen tèt ou.
- ⊕ Mwen te vle tou pataje avèk nou enfòmasyon konsènan **NYC Care**, ki se yon pwogram ki bay Abitan Nouyòk ki pa kalifye oswa ki pa ka peye asirans sante aksè a swen sante ki pa chè osinon ki gratis.
- ⊕ Apre w fin yon manm nan pwogram sa, ou kapab:
 - Pran premye randevou w ak founisè swen prensipal ou a nan de (2) semèn oswa mwens.
 - Jwenn sipò tout yon ekip swen primè ki gen ladan I enfimyè, pwofesyonèl sante mantal, asistan medikal, travayè sosyal, famasyen ak nitrisyonis.
 - Rele Sant Apèl NYC Care nou an, disponib 24 sou 24 / 7 jou sou 7, lè w bezwen èd.
 - Jwenn aksè 24 sou 24 / 7 jou sou 7 ak medikaman yo preskri w ki pa chè, ak renouvèlman dòz medikaman pandan lannwit lè sa nesesè.

K: Ki kote mwen ka itilize NYC CARE?

R: NYC Care aktyèlman ofri manm yo yon rezo founisè ak sèvis nan sant NYC Health + Hospitals yo. Pou w jwenn yon lis adrès lopital NYC Health + Hospitals, rele Sant Kontak NYC Care a nan **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)** oswa vizite nyccare.nyc.

K: Èske mwen kalifye pou NYC Care?

R: Pou w detèmine si w elijib, rele **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)** jodi a.

K: Konbyen m ap gen pou m peye pou sèvis yo?

R: Pa gen okenn frè pou w enskri, prim pou w peye oswa frè mansyèl. Pri pou w resevwa swen sante depann sou gwochè fanmi w ak revni w, li kòmanse apati de \$0. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite nyccare.nyc pou w wè tablo tarif nou an.

K: Èske NYC Care se yon asirans sante?

R: NYC Care se yon pwogram aksè a swen sante ki ofri yon rezo founisè nan sant NYC Health + Hospitals yo atravè tout vil la. Kontrèman ak asirans sante, pa gen okenn frè pou w enskri, prim pou w peye oswa frè mansyèl.

K: Mwen deja gen yon asirans. Èske mwen sipoze ba l vag epi enskri nan NYC Care.

R: Si w gen asirans sante aktyèlman, pa ba l vag. Moun ki elijib pou asirans kit li se atravè travay yo, atravè Marketplace lan, oswa atravè Medicaid, yo sipoze enskri nan pwogram yo kalifye pou li a.

K: Kòman mwen ka jwenn plis enfòmasyon epi enskri nan NYC Care?

R: Rele **1-646-NYC-CARE (1-646-692-2273)**. Nou pale lang ou a! NYC Care gen patnè tou nan òganizasyon komunitè yo ki ap sipòte sensibilizasyon ak enskripsyon. Ou kapab vizite tou nyccare.nyc pou w jwenn plis enfòmasyon epi pou w wè lis aktyèl patnè komunitè yo

K: Kijan mwen ka jwenn bwochi yo?

R: Tanpri vizite nyccare.nyc/resources pou w telechaje materyèl yo nan 14 lang.